

Kisa Epatit A ye?

Epatit A, yo rele tou epatit enfektye, se yon maladi viral kontajye ki fè fwa a anfle. Li ka pran ant 15 a 50 jou pou yon moun vin malad aprè li fin ekspozé a viris epatit A a. Mwayèn nan se apeprè yon mwa.

Ki sentòm yo?

Sentòm yo depann de laj moun nan. Granmoun ak jèn timoun genyen plis chans pou yo genyen sentòm klasik yo tankou lafyè, fatig, pèdi apeti, noze, ak lajònis. Siy lajònis enkli pipi ki gen koulè mawon fonsé epi pou pou koulè pal. Blan zye yo tounen jòn, epi moun ki gen po klè ka wè po yo vin jòn. Jèn timoun ki fè epatit A souvan konn genyen sentòm grip, vant fèmal, oswa yo ka pa gen sentòm ditou. Li trè ra pou yo gen lajònis. Sentòm epatit A yo dire yon semèn ou de. Kèk granmoun ka santi yo malad pandan kèk mwa, men sa pa fèt souvan.

Kouman epatit A gaye?

Souvan se nan pou pou moun ki enfekte yo jwenn viris epatit A. Viris lan gen anpil chans pou l gaye lè moun pa lave men yo aprè yo fin itilize twalèt oswa chanje kouchèt oubyen dra ki sal, epi yo touche bouch yo, yo prepare manje pou lòt moun, oswa yo touche lòt moun avèk men yo ki kontamine. Sa gaye maladi a de yon moun a yon lòt. Li ka gaye tou avèk manje kontamine (tankou fwi lanmè) oswa dlo.

Lè risk pou gaye viris la bay lòt moun pi wo se pandan de semèn anvan sentòm yo kòmanse parèt. Pifò moun sispann vin kontajye yon semèn aprè sentòm yo kòmanse. Kontrèman ak lòt viris epatit, viris epatit A a souvan pa gaye avèk san.

Kilès ki ka atrape epatit A?

Nenpòt moun ka atrape l. Moun ki viv avèk oswa ki fè sèks avèk moun ki gen maladi a genyen gwo risk pou yo atrape l. Pafwa epatit A gaye pami timoun ki nan gadri paske anpil ladan yo nan kouchèt epi yo paka lave pwòp men yo, epi pèsòn pa konnen si yo genyen maladi a, paske yo pa genyen ankenn sentòm. Viris lan pa gaye anpil pami timoun ki gen laj pou ale lekòl paske gen plis chans pou yo gen sentòm, epi pifò ladan yo aprann pou yo lave men yo anvan yo manje epi aprè yo fin itilize twalèt.

Kouman yo fè konnen ou gen maladi a?

Yon tès san chèche antikò ki konbat viris lan. Tès san sa a ka fè diferans ant yon enfeksyon moun nan genyen koulye a ak yon ansyen enfeksyon. Genyen tès san tou ki mezire ki valè domaj ki gen tan fèt nan fwa a, men tès sa yo pa di kisa ki koze domaj yo.

Kouman yo trete epatit A?

Pa genyen tretman pou maladi a, epi pifò moun pa bezwen ankenn tretman. Pwoblèm tankou retansyon likid ak anòmali nan san se bagay ki ra, men yo ka trete yo.

Kouman w ka prevni epatit A?

✦ Lave men w.

Lè w byen lave men w sa pwoteje w kont epatit A ansanm ak yon pakèt lòt maladi. Toujou byen lave men w avèk savon ak dlo anvan w touche manje oswa anvan w manje epi aprè w fin itilize twalèt oswa chanje yon kouchèt.

✦ Kuit fwi lanmè yo.

Piga w manje fwi lanmè ki kri oswa ki pa byen kuit. Lè w byen kuit yo sa detwi viris epatit A a.



✦ Pran vaksen epatit A si:

- Ou konte vwayaje oswa travay nan yon peyi ki genyen to epatit A ki wo (Meksik, tout peyi Amerik Santral ak Amerik di Sid yo, tout peyi Afrik, Karayib ak Azyatik yo eksepte Japon; avèk peyi ki nan sid ak nan lès Ewòp).
- Ou abite nan yon kominote ki genyen to epatit A ki wo (rezèv Endyen Ameriken vilaj abitan natif Alaska, vilaj abitan Zil Pasifik yo, ansanm ak kèk kominote Panyòl e relijye).
- Ou genyen maladi fwa kwonik.
- Ou genyen yon pwoblèm emoraji epi ou genyen kèk faktè koagilasyon.
- Ou itilize nenpòt ki dwòg ilegal nan lari.
- Ou se gason ki gen relasyon seksyèl ak lòt gason.

✦ Pran iminoglobilin (IG) si:

- Si w pat deja pran vaksen an epi ou vin ekspoze a epatit A. IG travay pi byen lè w pran li nan 2 premye semèn aprè ou fin ekspoze a.
- Ou fè alèji avèk vaksen an epi ou chwazi pou pa pran l, epi ou pral vwayaje nan yon zòn ki gen to epatit A ki wo.

✦ Fè timoun ou yo pran iminoglobilin (IG) si:

- Yo gen mwens pase 2 an epi yo pral vwayaje oubyen rete avèk ou nan yon zòn ki genyen yon to epatit A ki wo. Yo pral bezwen IG paske timoun ki poko gen 2 an pa kapab pran vaksen an.

Èske IG pral kapab iminize w kont Epatit A?

Non. IG sèlman pwoteje w anpati kont viris epatit A pou 3 a 5 mwa. Ou ka toujou atrape maladi a epi gaye l ba lòt moun, men IG ka adousi sentòm ou yo. Si w panse ou ka ekspoze ankò, ou dwe pale ak doktè w konsènan nesite pou pran vaksen epatit A, sa ki ka pwoteje w pou plizyè ane.

Èske pa gen ankenn règleman lasante pou moun ki gen epatit A?

Wi. Paske epatit A ka gaye fasilman bay lòt moun, doktè yo oblije selon lalwa rapòte ka epatit A yo bay biwo lasante lokal la. Pou ka pwoteje piblik la, travayè ki gen epatit A pa kapab travay nan endistri manje jiskaske lafyèw yo a konplètman disparèt epi yon semèn pase depi sentòm yo an te kòmanse parèt. Moun ki travay avèk yo ka bezwen pran IG. Tèm "endistri manje" a enkli restoran, kote yo vann sandwich, kuizin lopital, faktori kote yo trete lèt oubyen kote yo prepare manje endistriyèl, epi nenpòt lòt kote moun travay avèk manje ak bwason, bay swen oral (tankou bwose dan moun), oubyen bay medikaman.

Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon?

- ✦ Nan men doktè w, enfimyè oswa klinik ou
- ✦ Biwo lasante lokal ou an (w ap jwenn li nan lis telefòn lan sou ribrik gouvènman lokal)
- ✦ Depatman Lasante Piblik Massachusetts Divizyon Epidemyoloji ak Vaksinasyon (The Massachusetts Department of Public Health Division of Epidemiology and Immunization) nan (617) 983-6800 oswa nan sit entènèt MDPH lan <http://www.magnet.state.ma.us/dph/>